dinulislam.org

# ГIУЛЛАКХАХ ДИКАНИГ ХАРЖАР ДЕХАР А, ЦУЬНАН ЛАМАЗ А

# ИСТИХА́РА – ЛАМАЗ, ДОIА

*Адаман Султанан Олхазар*

Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахIан цIарца. Хастам бу АллахIана, Iáламийн Дена. Шегара къинхетам а, маршалла кхачор а доьху вай Цуьнга, вайн пайхамарна Мухьаммадна а, цуьнан доьзална а, цуьнан асхьабашна а.

## «Истихáра» бохучуьнан маьIна

«Истихáра» бохучуьнан маьIна – лекха хинволчу АллахIе дехар ду, хьайна дан лууш долчу цхьана гIуллакхехь Цо хьо Шá хаьржина, Шена гергахь гIолий а, дика а долчунна тIеверзор, цхьа гIуллакх дарехь йа цадарехь Цо хьуна харжам бар.

Хьайн болх а, хьайн гIуллакх а ахь АллахIе дIадалар ду иза, хьо Цунна тIетовжар ду, хьо Цуьнга верзар ду, ахь Цуьнгара гIо лахар ду. Хьой гIийла хилар, Цуьнгара бен хьайгахь гIора а, ницкъ а цахилар, хьайна И оьшуш хилар, хьой Цуьнга хьашт хилар ахь гайтар ду.

Цу Iалашонца деш суннат ламаз ду, и динчул тIаьхьа цу дехарца деш доIа а ду. И маьIна дерриге цу доIанан дешнашкахь гуш ду.

## Истихáра ламазан дозалла

Массо Iеламнехан бартхиларца, цхьа гIуллакх дан лууш волчо АллахIе цу гIуллакхах дикачунна тIенисвар дехар а, гIолийниг харжар дехар а, и доьхуш ламаз дар а суннат ду, мелехь ду, дика хIума ду. Цунна тешалла ду кхидIа вай дуьйцур долу хьадисаш.

СаIда дийцина (Дела реза хуьлда цунна), Пайхамара (ﷺ) элира аьлла: «Áдаман кIентан ирсах ду цо АллахIе шена шен гIуллакхах дикачунна тIенисвар дехар».[1]

IабдуллахIан кIанта Жабира (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Делан Элчано (Делера салават а, салам а хуьлда цунна) тхуна Iамадора массо хIуманна тIехь истихáра (дикачунна тIенисвар доьхуш доIа) дар, шá тхуна Къуръан тIера сурат Iамор санна. Цо олура: «Шайна цхьа хIума дан дагадеанчо ши ракаIат (ламаз) де аш, парз ламаз а доцуш (суннат ламаз). ТIаккха цо ала: «АллóхIумма иннú астахúрука биIилмик…».[2]

## Муьлха гIуллакхана дан деза истихáра ламаз?

Билггал вон дуй а, дика доций а хууш долчу хIуманна истихáра ламаз ца до, хIунда аьлча и санна долу хIума дар йа мегаш дац, йа дика дац, ткъа хIара ламаз а, доIа а диканиг доьхуш деш ду.

---

[1] Ахьмад. Имам Ибн Хьаджар ал-Iаскъоланийс (Дала къинхетам бойла цунах) «дика» (нийса) ду аьлла иза, «Фатхьул-Бáрú» тIехь, 18/171.

[2] Бухарий а, кхиберш а. Оцу хьадисера и доIа а, цуьнан маьIна а жимма тIаьхьа догIур ду.

ХӀинцца ца дича ца до́луш долчу важиб хӀуманна а истиха́ра ламаз дан ца оьшу, хӀунда аьлча иза харжам болуш хӀума дац, дина чекхдаккха дезаш ду. Хан еха йолу ва́жиб (парз) хӀуманна хьалха лаьтташ цхьа новкъарлонаш елахь истиха́ра ламаз дича дика хир ду. Масала, новкъахь цхьа кхерамаш болуш хан-зама елахь, цу заманахь хьадж даран хьокъехь истихара ламаз дар санна.

ХӀинццехь дича билггал дика дуй а, мелехь дуй а хууш долчу хӀуманна а истиха́ра ламаз дан ца оьшу, хӀунда аьлча иза хӀинццехь дар дика хилар билггал девзаш ду. Истиха́ра ламаз дар дика ду, билггал дича дика дуй, мелехь дуй хууш долу ши хӀума доьхь-доьхьал хӀоьттина делахь, цу шиннах гӀолий дерг харжар доьхуш.

Ткъа уггар дукха истиха́ра дан тарлуш долу хӀуманаш – мегаш долу хӀуманаш ду, йа ва́жиб йа хьарам а доцуш, царна юккъера долу хӀуманаш ду, масала цхьа хӀума иэцар, цхьанхьа вахар, цхьанхьа деша хӀоттар, цхьанхьа балха хӀоттар, зуда ялор, захало дар, иштта кхидӀа а.

## Маца дан деза истиха́ра ламаз?

Шена цхьа гӀуллакх дан дагадеъча, истиха́ра ламаз дале хьалха, и гӀуллакх девзаш хир бу аьлла хетачу дикчу нахах а, говзанчех а дага вала веза. Лекха хинволчу АллахӀа аьлла: ﴿Дагава́ла хьо церах (шайн) гӀуллакххехь﴾.[3] ТӀаккха, церах дагаваьллачул тӀаьхьа цу гӀуллакххехь шена пайда хилар билгалда́лахь, нуьцкъала а, сийлахь а волчу АллахӀе шена диканиг харжар доьхур ду, и гӀуллакх дарехь йа цадеш Ӏаддитарехь.[4]

## ГӀуллакххах диканиг харжар дехаран кхо кеп

Шен гӀуллаккхехь шена диканиг харжар АллахӀе дехар кхаа кепара ду:

1) Парз ламаз а доцуш, йа цхьа а кхин ламаз а доцуш, къаьсттина, истихара ламаз дан аьлла ниййатца ши ракаӀат ламаз а дина, тӀаккха цул тӀаьхьа хьадисехь деана долу доӀа дар. ХӀара кеп гӀолийниг ю.

2) Къаьсттина истиха́ра ламаз дан аьтту бацахь йа дан ца лаахь, муьлхха кхидолу ламаз динчул тӀаьхьа хьадисехь деана долу истиха́ра доӀа дар, йа муьлхха кхидолу суннат ламаз дан волалучу хенахь цуьнца цхьаьна истиха́ра ламазана ниййат а дина, тӀаккха цул тӀаьхьа и истиха́ра доӀа дар. Иштта дан а мегаш ду.

3) Ламаз ца деш, деккъа цхьа доӀа дар. Иштта дан а мегаш ду.

## Истиха́ра ламаз дан ца мегаш йолу хан

Къаьсттина истиха́ра ламаз дан мегаш дац, цхьа бахьана доцу суннат ламаз дан ца мегаш йолчу хенахь. Кхо хан ю и:

---

[3] Сурат «А́л Іимран» 159 айат.

[4] «Ал-Азка́р», Имам Нававий, 214 агІо.

1) Іуьйранна малха хьалаба́ла болабелча, иза а́йанистах дІакъаьстина жимма хьалабаьлла ба́ллалц;
2) делкъанна малх нисса стигал юккъе хІоьттича, иза жимма дехьабаллалц (делкъа ламазан хан хилале цхьа кІеззиг хьалха йолу юкъ ю иза);
3) малх чубузчу хенахь иза чубуьзна ба́ллалц, йа вуьшта аьлча малхбуза ламаз динчул тІаьхьа маьркІижа ламазан хан хиллалц.

Цу хенашкахь цхьа бахьана доцу суннат ламаз дан мегаш дац, истиха́ра ламаз а цу юкъадогІуш ду, цундела цу кхаа хенахь дан ца мега иза, муьлхха кхечу хенахь дан мега иза.

## Истиха́ра ламазан ракаІаташ

Истихара ламаз ши ракаІат дар дика ду, хьадисехь деана ма-дарра. ХІета а цхьамма шина ракаІатал совдаккхахь – иза а мегаш ду.

## Истиха́ра ламазан куц

Истихара ламазан куц кхидолу ламазаш санна ду.

Цхьаболчу Іеламнаха, истихара ламазан хьалхарчу ракаІатехь Фатихьатал тІаьхьа «Къул йа́ аййухІал-ка́фиру́н» сурат дешча дика ду аьлла, шолгІачу ракаІатехь Фатихьатал тІаьхьа «Къул хІуваллóхІу ахьад» сурат дешча дика ду аьлла. Ткъа и шиъ ца доьшуш, муьлхха кхидолу сурат йа айаташ дешахь – иза а мегаш ду.

КхидІа дерг массо хІума кхечу ламазехь санна ду.

Ламаз динчул тІаьхьа, салам деллачул тІаьхьа, къилбехьа вирзина а волуш, ши куьг хьала а айъина, хьадисехь деана долу доІа дийр ду, оцу доІанал хьалха а, тІаьхьа а АллахІана хастам а беш, АллахІан Элчанна (Делера салават а, салам а хуьлда цунна) салават а дуьллуш, доІа даран дерриге гІиллакхаш лар а деш.

ДоІа хІара ду: «Аллóхlумма инни́ астахи́рука биІилмик, ва астакъдирука бикъудратик, ва асъалука мин фадликалІази́м, фаиннака такъдиру ва ла́ акъдир, ва таІламу ва ла́ аІлам, ва анта Іалла́мулгІуйу́б. Аллóхlумма ин кунта таІламу анна хІа́зал-амра […] хайрун ли́ фи́ ди́ни́, ва маІа́ши́ ва Іа́къибати амри́, факъдурхІу ли́, ва йассирхІу ли́, сумма ба́рик ли́ фи́хІи. Ва ин кунта таІламу анна хІа́зал-амра […] шаррун ли́ фи́ ди́ни́, ва маІа́ши́ ва Іа́къибати амри́, фасрифхІу Іанни́, васрифни́ ІанхІу, вакъдур лийалхайра хьайсу ка́на, сумма ардини́ бихІ».

МаьІна: «Йа АллахІ! Со Хьоьгара доьхуш ву Ахь Хьайн Іилманца суна дика дар а, Хьайн ницкъаца Ахь суна ницкъ балар а. Ас Хьан боккха къинхетам а, дика а доьху Хьоьга, бакъдолуш Хьо ницкъ болуш ву, ткъа со ницкъ кхочуш вац, Хьуна

хаьа, ткъа суна ца хаьа, Хьо къайлах дерг хууш верг а ву. Йа АллахI! Нагахь хьан Iилмангахь дерг – хIара гIуллакх (шена лууш долчун цIе йоккхур ю) суна сан динехь а, сан дахарехь а, сан тIаьхьлонехь а дика хилар делахь, суна ницкъ луо Ахь цу гIуллакх тIехь, суна иза атта а де Ахь, юха суна цунах беркат а де Ахь. Ткъа нагахь Хьан Iилмангахь дерг хIара гIуллакх суна сан динехь а, сан дахарехь а, сан тIаьхьлонехь а вон хирг хилар делахь, суна генадаккха Ахь иза, со цунна тIера дIа а верза ве Ахь, цул диканиг дан ницкъ а ло Ахь суна, иза миччахь делахь а, юха со цунна реза а ве Ахь».

Цхьаболчу Iеламнаха, и доIа шена луучо сужудехь дан мегар ду аьлла, йа салам далале этхьигал (ташаххIудал) тIаьхьа дан мегар ду аьлла, делахь а гIолийниг хьадисехь ма-дарра ламазал тIаьхьа дича ду.

## Истиха́ра доIа а, ламаз а юх-юха дар

Дукхах болчу Iеламнаха билгалдина, цкъа истихара динчул тIаьхьа а цхьана хIуманна тIехь шен цхьа сацам хуьлуш ца хилахь, оццу гIулкхана иза юх-юха дан мега аьлла. Цхьаболчара ворхIозза дан мега аьлла и, цхьаболчара кхин а сов а дан мега а аьлла, шен цхьа сацам хиллалц.

## Кхечунна тIера истиха́ра дар

Ма́ликий а, ша́фиIий а мазхIабера Iеламнаха хьахийна ду, истихара кхечунна тIера а дан мега аьлла. Пайхамаран (Делера салават а, салам а хуьлда цунна) хIокху хьадисана тIетевжина уьш: «Шух цхьаьнга шен вешина пайда балуш хилахь – пайда бойла цо цунна».[5]

## Истиха́ра динчул тIаьхьа хуьлуш дерг

Иштта и истиха́ра ламаз а, доIа а динчул тIаьхьа, шена жоп хиларга сихвала ца веза бусалба стаг, хIунда аьлча иза Пайхамара (Делера салават а, салам а хуьлда цунна) дика лерина дац. Цо аьлла: «Шух цхьанна жоп ло, иза сихваллалц, цо аллалц: «Ас дийхира, суна жоп ца дели».[6]

Истиха́ра динчул тIаьхьа шен даго тIелоцуш долу гIуллакх дан мегар ду.

Истиха́ра динчул тIаьхьа гIенах цхьа хIума ган деза бохург Суннатехь деана дац, цундела гIан гаре хьежа ца оьшу, йа цуьнга ладегIа а ца оьшу.

[5] Муслим.

[6] Бухари, Муслим, кхиберш а.

## Чаккхе

ДӀадерзош, Іеламнаха аьлларг эра ду вай: «Цкъа а дохко вер вац вай Кхоьллинчуьнгара диканца гІо а дехна, АллахІах тешаш болчерах дагаваьлларг, шен гІуллакх кхачам боллуш теллинарг а».

Лекха хинволчу АллахІа аьлла Къуръан чохь:

﴾Церах дагава́ла хьо (шайн) гІуллакххехь, ткъа хьайн цу тІехь сацам хиллехь – тІаккха АллахІана тІе билла ахь болх﴿.[7]

Ткъа дика хууш верг АллахІ ву!

[7] Сурат «А́л Іимран» 159 аят.